

Konsèy Konsiltatif Paran Edikasyon Espesyal Boston (SpEdPAC)



Prezantasyon pou Komite Skolè Boston an ak
Sipèentandan Doktè Brenda Cassellius

26 me, 2021

Wòl SpEdPAC

SpEdPAC | Lwa Jeneral eta Massachusetts Tit 12, Chapit 71B,
Seksyon 3

- Konseye Distri a sou kesyon ki anrapò ak edikasyon ak sekirite elèv andikape yo
- Reyini regilyèman avèk ajan lekòl yo pou paitisipe nan planifikasyon, devlopman, ak evalyasyon pwogram edikasyon espesyal distri a
 - Chak semèn avèk Asistan Sipèentandan Ethan d'Ablemont Burnes
 - Chak trimès avèk Sipèentandan Cassellius
- Konekte fanmi yo ak divès resous ekstèn

Boston SpEdPAC Repezante

- 10.441 elèv ki genyen Pwogram Edikasyon Pèsonalize (IEP)*
 - 3.473 elèv edikasyon espesyal ki fè pati gwoup Elèv k ap Aprann Angle yo tou (ELL)*
- 1.313 elèv ki genyen plan 504*
- 268 elèv ki resevwa sèvis sèlman^
- 139 elèv ki genyen paran ranplasan**

*Sous : MA, DESE (Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts), Oktòb 2020. Sa enkli elèv ki nan plasman andeyò distri a epi l ekskli elèv ki enskri nan lekòl Charter Horace Mann yo.

^Sous : Aspen, oktòb 2020. Sa enkli elèv ki fè pati edikasyon timoun piti ak elèv ki enskri nan lekòl prive/relijye ki genyen yon IEP (yon Pwogram Edikasyon Pèsonalize)

** Sous : EdPlan Me, 2021. Sa enkli nenpòt elèv ki genyen elijibilite IEP ki genyen yon kontak paran ki defini kòm « Paran Ranplasan pou Afè Edikasyonèl » oswa « Paran Ranplasan pou Edikasyon Espesyal »

Objektif SpEdPAC pou Biwo Edikasyon Espesyal la (OSE) pou 2020 -2021

- Chwa, Opsyon Paran, Dizon Paran
- Elaji enklizyon ak opòtinite enklizyon
- Ogmante fòmasyon pou Kowòdinatè Edikasyon Espesyal yo (COSE)
- Elaji mantalite ak kilti Edikasyon Espesyal nan Lekòl Piblik Boston yo
- Voye bilten nouvèl edikasyon espesyal regilyèman bay tout fanmi
- Pataje enfòmasyon kontak SpEdPAC, CPC, ak DELAC nan reyinyon IEP yo
- Dekripsyon pwogram yo pou fanmi yo ak Kowòdinatè Edikasyon Espesyal yo (COSE yo) disponib piblikman sou entènèt
- Liv Regleman Biwo Edikasyon Espesyal (OSE) Lekòl Piblik Boston an disponib sou entènèt pou tout piblik la

Rapò Pwogrè Biwo Edikasyon Espesyal la pou 2020-2021 : Objektif Akonpli yo

- Devlopman rapò avèk Konsèy Administratif SpEdPAC la
- Retounen, Rekipere, Rekaptire, Gwoup Travay Edikasyon Espesyal Akòde a
- Gwoup Travay Paran BPS/BTU Akòde pou reouvèti lekòl pou elèv sila yo ki genyen wo priyorite pou aprantisaj an pèsòn (HIPP)
- Nou te inisyè kominikasyon patikilye avèk fanmi yo
- Gen yon lis kontwòl IEP Elèv k ap Aprann Angle ki genyen Andikap (ELSWD) pou aksè nan lang eritaj yo (natif natal yo) pou afè lekòl

Rapò Pwogrè Biwo Edikasyon Espesyal la pou 2020 - 2021: Objektif ki pa reyalize

- Piblikasyon Gid Fanmi Edikasyon Espesyal la
- Piblikasyon Gid Regleman Edikasyon Espesyal la
- Rezoud pwoblèm mankman nan kominikasyon pou elèv ki resevwa sèvis sèlman yo, paran ki andeyò distri a, paran ranplasan edikasyonèl yo | Aspen, EdPlan
- Reyinyon Sèvis Konpansatwa pou afè Covid | konplè a 30%
- Evalyasyon Elèv ki konplete nan 45 jou
- Elajisman plas Edikasyon Espesyal yo pou jèn elèv laj 3 an yo

Domèn ki bezwen Amelyorasyon ak Kwasans

- Kontrandi
- Kominikasyon ak Transparans
- Fè suivi
- Dizon Fanmi yo Depi Okòmansman
- Kilti Edikasyon Espesyal nan Lekòl Piblik Boston

Ekilib ak Leson nou Aprann nan SpEdPAC

- Amicus Curiae (yon Konseye san Patipri) pou Fanmi Edikasyon Espesyal yo (SpEd) ak Fanmi Elèv ki Genyen Wo Priyorite pou Aprantisaj an Pèsòn (HIPP) (BTU konpare ak BPS)
- Gwoup Travay pou Reouvèti (BTU, BPS)
- Gwoup Travay ELL (Elèv k ap Aprann Lang Angle)
- Objektif ak Mezi Pwoteksyon, oswa Valè, Komite Skolè a



Platfòm SpEdPAC pou Sansilibizasyon



bostonspedpac411@gmail.com (1.000 moun sou lis imel la)



www.bostonspedpac.org



617.297.7335



@BostonSPEDPAC (1.132 moun k ap suiv SPEDPAC ; Sansibilazyon grandi 300% chak mwa)



@BostonSpedPac
(98 Abone)



Instagram

@boston_spedpac
(141 moun k ap suiv)



@BostonSpedPac
(914 moun k ap suiv)

Efò SpEdPAC pou Sansibilize Fanmi yo

- Reyinyon an pèsòn avan pandemi a te gen anviwon 50 patisipan, 1 entèprèt
- Zoom te arive ouvri chemen pou plis aksè ak aktivite defans
 - Yon mwayèn de 207 patisipan, avèk plis pase 300 patisipan
 - 11 lang ansanm ak Lang Siy Ameriken (ASL)
 - Se travayè volontè SpEdPAC yo ki opere sistèm Zoom nan | san èd okenn teknisyen

Objektif SpEdPAC pou Biwo Edikasyon Espesyal la (OSE) pou 2022 - 2027

- Kwasans ak Sansibilizasyon Kontinyèl avèk sipò Biwo Edikasyon Espesyal la (OSE)
- Definisyon ak Plan daksyon Klè pou :
 - Finansman "ki Baze sou Bezwen" parapò ak finansman ki baze sou bezwen patikilye elèv yo
 - Pwogram enklizyon ak pwogram enklisif
 - Deziyasyon lekòl lajounen kòm yon fòs olye de yon move etikèt
- Y ap rann kont pou finansman ESSR la bay Biwo Edikasyon Espesyal la
- Yon Gwoup Travay Edikasyon Espesyal ke Komite Skolè a Soutni
- Biwo Edikasyon Espesyal la (OSE) kòm yon Pòs Kabinè